

Pou Piblikasyon Imedya: 13/01/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE LI PRAL ENKLI AGRANDISMAN PWOJÈ LWA SOU BOUTÈY LA AK ENTÈDIKSYON SACHÈ PLASTIK YO NAN BIDJÈ EGZEKITIF 2019 LA**

*L ap Agrandi Lwa sou Boutèy la pou Fè Pifò Resipyan ki gen Bwason Non-Alkolize yo Elijib pou Ranbousman 5 Santim*

*L ap Entèdi Sachè Plastik a Izaj Inik yo Atravè Tout Eta a nèt*

*Efò Temerè sa yo pral Ede Redwi Fatra nan Espas Piblik yo, Redwi Degajman Gaz a Efè Sèr yo epi Pwoteje Anviwònman pou Jenerasyon k ap Vini yo*

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse li pral enkli agrandisman pwojè lwa sou vèsman pou boutèy bwason yo (beverage container deposit bills), yo konn rele tou pwojè lwa sou boutèy la (Bottle Bill) ak entèdiksyon sachè plastik yo nan Bidjè Egzekitif 2019 la. Pou konbat fatra nan espas piblik yo, ede redwi degajman gaz a efè sèr yo epi pwoteje anviwònman an pou jenerasyon k ap vini yo, Gouvènè a ap fè vanse lejislasyon pou agrandi Pwojè Lwa sou Boutèy la, pou fè resipyan ki gen bwason non-alkolize yo elijib pou ranbousman 5 santim. Anplis de sa a, Gouvènè Cuomo pral fè vanse lejislasyon pou entèdi tout sachè plastik a izaj inik yo.

“Pandan gouvènman federal la ap fè pwogrè nou te fè sou plan anviwònmantal yo tounen dèyè epi likide kominote nou yo bay polyè ak konpayi gaz yo, nan New York nou ap vanse vè lavan avèk politik anviwònmantal ki pi solid nan nasyon an epi n ap fè tout sa nou kapab pou nou pwoteje resous natirèl nou yo pou jenerasyon k ap vini yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Mezi temerè sa yo n ap pran pou nou entèdi sachè plastik yo epi pwomouvwa resiklaj la pral redwi fatra nan espas piblik anndan kominote nou yo, pwoteje dlo nou yo, epi kreye yon New York ki pi pwòp ak pi ekolojik pou tout moun.”

**Agrandisman Pwojè Lwa sou Boutèy la**

Depi lè Gouvènè Mario M. Cuomo te pwomilge Lwa sou Jesyon Dechè Solid la (Solid Waste Management Act) gen 30 tan pase, lwa sou resiklaj New York la yo te ede redwi dechè nan kominote yo toupatou atravè eta a. Nan kad Lwa a, minisipalite lokal yo te adopte lwa sou resiklaj onivo lokal kote yo egzije separasyon matyè resiklab yo depi nan sous yo, sa ki te fè yo retire plis pase 320 milyon tòn matyè resiklab nan fatra yo, epi ki te redwi 1 milya tòn metrik dyoksid kabòn nan pwosesis la lè yo redwi degajman metàn ki konn gen nan sant anfouyisman dechè yo epi ki te redwi itilizasyon enèji ak kabiran fosil ki asosye ak pwodiksyon plastik ak vit yo.

Pou nou ka pran yon lòt gran pa annavan ankò nan efò n ap fè pou nou redwi fatra nan espas piblik yo epi pwoteje anviwònman nou an, Gouvènè Cuomo pral agrandi Pwojè Lwa sou boutèy bwason yo pou fè resipyan ki gen bwason non-alkolize yo elijib pou ranbousman 5 santim, ki gen ladan resipyan yo itilize pou bwason espòtiv yo, bwason enèjetik yo ak ji fwi ak vejetal yo ak te ak kafe ki tou prepare yo. Agrandisman Pwojè Lwa sou Boutèy la pral gen ladan kèk eksepsyon pou boutèy ki gen lèt, ranplasan lèt, lèt fòmil pou ti bebe yo, siwo ak awomatisan yo, preskripsyon medikaman yo ak siplemman nitrisyonèl yo. Pwopozisyon sa a pral ede redwi triyaj ak fado finansye ki gen sou do pwogram resiklaj onivo gouvènman lokal yo tou. Anplis de sa a, Gouvènè a pral enkli modifikasyon nan lejislasyon Pwojè Lwa sou Boutèy la pou abòde pwoblèm aplikasyon lwa yo epi pou reponn a kòmantè pati prenan yo genyen, ansanm ak sanksyon ranfòse yo.

Gouvènè a pral bay Depatman Konsèvasyon Anviwònman la (Department of Environmental Conservation, DEC) lòd pou yo mennen yon etid tou, an konsiltasyon ak patisipan yo ak detayan yo, sou fason yo ka plis agrandi pwojè lwa sou boutèy la pou l enkli boutèy diven ak bwason alkolize yo.

### **Entèdiksyon Sachè Plastik yo**

Nouyòkè yo itilize anpil milya sachè plastik ki pa byodegradab chak ane, k ap kreye anpil fatra nan katye yo ak nan vwa navigab yo epi k ap poze yon danje pou sante Nouyòkè yo ak anviwònman an.

An Mas 2017 la, Gouvènè Cuomo te kreye Gwoup Travay sou Itilizasyon Sachè Plastik Eta New York la (New York State Plastic Bag Task Force) pou yo devlope yon solisyon global ki ka aplike nan tout eta a pou reponn a polisyon sachè plastik yo lakoz la. Aprè rekòmandasyon Gwoup Travay la te fè yo, Gouvènè a te entwodwi yon Pwojè Lwa pou Pwogram lan ane pase pou entèdi biznis yo bay kliyan yo sachè plastik pou yo pote sa yo achte yo.

Pou abòde enpak anviwònmanal sachè plastik a izaj inik yo genyen yo epi pou ofri yon ankourajman finansye pou redwi dechè yo, Gouvènè Cuomo pwopoze entèdiksyon sachè plastik atravè tout eta a nèt. Entèdiksyon sa a pral ede redwi degajman gaz a efè sèr ki asosye ak pwodiksyon ak eliminasyon sachè plastik yo, soti nan petwòl yo itilize pou pwodwi sachè yo rive nan degajman gaz pandan transpò sachè yo pou al mete yo nan sant anfwouyisman dechè yo. DEC pral travay ak pati prenan yo ak lidè kominote yo pou yo asire ke lansman inisyativ sa a pap afekte kominote ki gen revni fèb ak modere yo ak kominote jistis anviwònmanal yo nan fason dispwopòsyone atravè distribisyon sachè reyitilizab ak egzansyon y ap bay kote sa apwopriye.

**Komisè DEC Basil Seggos te di,** “Se premye priyorite pou nou pwomouvwa resiklaj, redwi dechè, epi ede mete fen nan flewo dechè sachè plastik la yo nan anviwònman nou an. Gras a lidèchip Gouvènè Cuomo, pwopozisyon pou entèdi sachè plastik yo ak agrandi pwojè lwa sou boutèy la pral ranfòse efò New York kontinye ap fè pou nou amelyore mache resiklaj yo epi redwi kontaminasyon nan kouran dechè yo. Mezi sa yo pral ede minisipalite yo ak detayan yo reponn a chanjman global k ap fèt nan endistri resiklaj la yo. Nou pral kontinye eksplòre mwayen adisyonèl ki genyen yo pou nou pwoteje anviwònman nou an”.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)